Ay leeral ci?
yoon wi
ñakku wi
ngir xeex COVID-19.

Làakk

Afril 2021

Generalitat de Catalunya

/Salut

FEEÑAAY

Nanla yoonu ñakku gi ngir xeex COVID-19 mel? 4

Ay leeral ci niñuy ñakko ngir xeex COVID-19? 5

1. Luy xew buma jëlee benn doosu ñakk bi? 5

/ Lu aju ci kirlaay ngir xeex COVID-19. 5

/ Ndax ñakk gi dana tax kenn duma wall ci COVID-19? 5

/ Gannaaw bama jëlee ñakk yi ba prare, suma defee kontak bu jege ak koo xamni dafa amé jangoroy COVID-19, ndax damaa wara soree ak nit ñi tamit? 6

Ndax ñakk yi man nañ maa aar bufekkee ni yeneen copitey wiris bi dañoo feeñ? 6

/ Ñakku gimay def ndax ñaari doos laaci wara jël, kañ laa wara jël ñaareelu doos bi? 6

/ Ndax damaa wara wey di respekte jumtukaayu fagandiku yi ngir xeex COVID-19? 6

/ Ndax dinaa àm luy firndeel ni man ñakkunaa ngir xeex COVID-19. 7

2. Yan mbir yu wuute la ñakk yi mana waral? 7

3. Suma ñakkoo ba pare yàn xeeti xéewël laa mana àm?? 8

Nataal

Nanla yoonu ñakku gi ngir xeex COVID-19 mel?

Bërëbu dëgël gi.

Prepaareel sa kaarne wergi yaram (TSI) ak sa Kaart didaantite, walla sa NIE walla sa paaspoor ak firndeek ndaje mi.

Bërëbu ñakku bi.

Dañ laa yobu ci benn bërëbu ñakkuwaay konn nak danga wara xaar sa tuur. Ñakku bi dañkoo anristre ngir nga mana telesaarse firnde ñakku bi ci La Meva Salut.

Bërëbu nopalukaay.

Dangaa wara des ci bërëbu ñakkukaay bi ci diirup 15 simili ngir nga saytu ni lépu jaarna yoon te amul lenn lulaci dal lu jaarul yoon

Guéenn. Fatalikul ni ba fileek amuñu kirlaayu mbooloomi, dañoo wara saxal jumtukaayu fagandiku yi ngir xeex COVID-19.



Ay leeral ci niñuy ñakko ngir xeex COVID-19?

1. Luy xew buma jëlee benn doosu ñakk bi?

/ Lu aju ci kirlaay ngir xeex COVID-19.

Sa yaram mingi tàmbali di amal ap tootu ci mbiri kirlaay bi **ay bés gannaaw bamu jotee doosu ñakk bu njëkk bi** . Doos bu njëkk bi dana tax ñu wañi àm ay lor ci ay mandarga yu jéegi dayo. Ñaareelu doos bi dafay taxa dëgërël bu njëkk bi, dinañ jot kirlaay gu matale gu ñakk gi di amal ay ayu bés gannaaw banga ñakkoo.

/ Ndax ñakk gi dana tax kenn duma wall ci COVID-19?

Doonte dangaa ñakku, jangoroy COVID-19 man nalaa duggu ; tuuti ci ay ñakk ñoo matale ci 100%. Gannaaw banga ñakkoo, **sa yaram dana xaar ay bés laataa muy amal kirlaay**, loolu motax mu àm solo lool nga toppu jumtukaayu fàgandiku.

Bula dalee, mandarga yilay indil ay lorr yu wayaf walla yu wayaf lool. Bo amee ay mandargay COVID-19, dangaa wara beru tenga jokkook sa doktoor.

Bufekkee ni yoonu ñakk bi ñaari doos la, amna solo lool bufekkee ni yoonu ñakk gi, bu loolu àme; ci kaa boobu, man nga jokkook sa saantaru wergi yaram.

Bo bëggee yeneeni leeral ci ñakk yi ak kirlaay giñuy waral demal ci sit bii di canalsalut.gencat.cat/vacunes-ciutadania.

/ Gannaaw bama jëlee ñakk yi ba prare, suma defee kontak bu jege ak koo xamni dafa amé jangoroy COVID-19, ndax damaa wara soree ak nit ñi tamit?

Bufekkee ni danga danga def kontak bu jege ak benn ka positif ci COVID-19, dangaa wara def ci yoon benn karaanteen, ndax mannaa àm sa yaram amagul benn antikoor

Ndax ñakk yi man nañ maa aar bufekkee ni yeneen copitey wiris bi dañoo feeñ?

Ñakk yiñu nàngu booko jëlee man nañ laa aar ci yeneen copitey wiris yu mujj yi, ndax bunek dafa àm ay mlokaanam ak dayob kirlaay gimuy waral. Konn nak, jokkol ak sa saantaru wergi yaram binga aju bufekkee ni danga àm ay mandargay COVID-19 gannaaw banga ñakkoo ba pare.

/ Ñakku gimay def ndax ñaari doos laaci wara jël, kañ laa wara jël ñaareelu doos bi?

Nekul ni nit ñeppu ñoo soxla ñaari doos ñakk; buñu sukkëndikoo ci sa profiilu risk, ci say àt walla ci ñakk gingay jël, man nañlaa woowaat ngir nga jël ñaareelu doos bi.

Loolu bu amee, dina àm solo lool nga dem ca bërëb bañla dig daje ngir nga jeexal sa wallum ñakk. Bayyil xel ci ni, budee yeneen xeeti ñakk yi, digënte ñaari doos yi mannaa màt ay weer.

/ Ndax damaa wara wey di respekte jumtukaayu fagandiku yi ngir xeex COVID-19?

Waaw, ñakk gingay jël dula teree respekte jumtukaayu fagandiku yi ngir xeex COVID-19, lumu gaat gàat fileek matale wuñu kirlaayu mbooloo mi yépu.

/ Ndax dinaa àm luy firndeel ni man ñakkunaa ngir xeex COVID-19.

Waawaw, ci bërëbu ñakkukaay bii di **La Meva Salut** dingafa gis luy firndeel ni jël nga ñakk yi te dingako mana telesaarse. Bufekee ni ba leegi siñeego, man ngakoo def léegi ci en: lamevasalut.gencat.cat/alta.

2. Yan mbir yu wuute la ñakk yi mana waral?

/ Ñakk yi dañleena defar ngir ñu mana indi ab toontu ci kirlaayu nit ki ñakku ba pare bu jaakaarloo ak nit ku ame jangoro ji.

/ Man naa wanewu ci kiriteer yii di ñëw:

- / Metiit ak tangoor ci bërëb biñŋ=ula pikiir.
- / Coono.
- / Bopu buy meti.
- / Yaram wuy tàng.

Bufekkee ni lén ci mandarga yooyu dafa wey di àm,demal ci **La Meva Salut** walla nga jookkook saantaru fajukaay bu njëk bi walla nga woote ci 061.

/ Amna solo nga jookkook sa **saantaru fajukaay bu njëk bi** walla nga woote ci **061** bufekkee ni danga am ay mandarga yii di ëw:

- / Jafejafey noyyi.
- / Dënn buy meti.
- / Loxo buy meti walla tànk buy meti.
- / Boppu buy meti bu tarr ci lu eppu ëppu ñeti fàn.
- / Bët yu lëndëm walla gisiin bu leerul.
- / Ay tërgën yu bari yu ndaw.

- / Yaram wu dereetal walla wu futtu.
- / Bo jëlee ñakk bi ba pare, bul def benn mbiri doole te nagay def rek ay mbiru digg doomu.

3. Suma ñakkoo ba pare yàn xeeti xéewël laa mana àm??

/ Ñakk yi saxalna ni yaram wi **dafay gennee ay antikoor yooxam ni dinañ mana xéex ak wiris bi**.

/ Buñu sukkëndikoo ci ay gëstu yuñu wara amal ci yeneeni xeeti coronavirus **ak ay goorgoorlu, ak alal** ju ñu ci def ju musul àm ci adina, tasaare nañ ñakk yi ci lu gaaw fekk ni respekte nañ béppu warteef ak saart yiy waral **seenuk baaxaay ak seenuk kaaraange**.

/ **Jamono yi, ñakk ñooy jumtukaay yi gënë xarale ngir dakkal tasaarok jangoro ji**; ñakku bi mbir kenn kune la te dafa àm ab dayo bu baax bu àm solo ci dëkk bi ak ci nit ñéep.

1/ Sakkal ay antikoor **te nga aaru**.

2 / **Dakkalal wàllante gi** ci nit ñinga dëkkël.

3 / Bookkal ci ñiy amal **kirlaayu mbooloo mi**.

4 / Dina tax nga **dellu ci say mbir** ndànk ndank.

Demal ci sit bii di canalsalut.gencat.cat/vaccine-info walla nga eskane Kodu QR ak sa telefoon ngir nga àm gindeeku kaay bu matale ci mbirum ñakku, te foofu dingafa jële yeneeni xibaar ak yeneeni laaj ak toontu.

Sakkul ay leeral yu matale ci niñuy amale ñakku bi ci boo demee ci lieen bii di ñëw.

Jërëjëf ci binga bokkee ci saafara ci.

Nekkal ci jàmmu.

#Avancem #JoEmVacuno

Afril 2021. ©Generalitat de Catalunya. Bërëbu Fajukaay bu Cataluña. DL B-6930-2021